

## **BAB I**

### **BUBUKA**

#### **1.1 Kasang Tukang Masalah**

Basa Sunda lahir bareng jeung lahirna masarakat Sunda katut budayana. Dina hirup kumbuhna, basa téh mibanda anéka ragam basa. Ari ragam basa téh bisa disawang tina jihat nu makéna nu nyoko kana wewengkon, tahap atikan, jeung sikep panyaturna: biasa tina jihat makéna anu nyoko kana jejer omongan, sarana, jeung sipat pasosokna (Sudaryat, 2004).

Dipakéna basa Sunda téh keur sadirieun jeung keur ka batur. Keur sadirieun, nya éta dina waktu urang keur ngimpi, ngadu'a, kukulutus, ngitung, jeung catetan dina agénda pribadi. Keur batur, nya éta waktu urang komunikasi.

Dina kanyataanana, basa Sunda dipaké pikeun alat campur gaul jeung papada urang Sunda atawa nu lain urang Sunda tapi geus bisa basa Sunda. Unggal golongan di masarakat Sunda, kayaning TNI, patani, pagawé, pajabat, pangusaha, guru, ulama, jeung murid, ngagunakeun basa Sunda dina ngabahas rupa-rupa jejer, saperti agama, pulitik, kamasarakatan, ékonomi, atikan, pangaweruh, jeung seni sok sanajan ari lila jeung mindeng makéna basa Sunda mah béda-béda unggal jejer téh.

Dina hakékatna ragam basa nu aya di alam dunya nya éta mangrupa kakawasaan-Na. Hartina ngahaja diciptakeun ku Alloh pikeun sakabéh umat manusa sangkan bisa komunikasi. Ku sabab kitu, mulia pisan umat manusa nu ngajén luhur ayat-ayat Alloh SWT. *Wallohu a'lam bisawab*, bisa dibaca dina QS.

Ar-Rum ayat 22 nu hartina, “*Jeung sawaréh tina ayat-ayat-Na, Anjeunna ngayugakeun langit katut bumi jeung beda-bedana basa maranéh katut warna maranéh. Saéstuna dina anu karitu téh kakandung ayat-ayat pikeun jalma-jalma anu palinter mah*”.

Ragam basa Sunda nurutkeun warna makéna basa bisa disawang tina jihat jejer omongan, médium atawa sarana, jeung sipat pasosokna. Disawang tina jejer omongan aya ragam basa urang réa (balaréa) anu ilahar dipaké sapopoé jeung ragam basa urang aré nu dipaké husus dina widang jurnalistik, paélmuhan, sastra, jeung agama. Disawang tina médium makéna aya ragam basa lisan anu dipaké dina paguneman atawa biantara, aya ragam basa tulis nu dipaké dina surat, koran, majalah jeung buku.

Disawang tina jihat pasosokna, aya ragam basa nu nyunda jeung ragam basa nu teu nyunda. Ieu téh henteu ngandung harti masarakat Sunda ulah narima pangaruh tina basa lian. Nyerep unsur tina basa lian dimeunangkeun pisan, pangpangna dina hal pakeman-pakeman basa anyar dina basa Indonésia anu beuki loba tur populér sarta dina basa Sunda tacan aya sawandana (Sudaryat, 2004).

Ari ragam basa nu kapangaruhan ku latar, nya éta naha di imah, di pakumbuhan, atawa di kantor. Imah jadi latar tempat panglobana dipakéna basa Sunda, ditéma ku latar pakumbuhan sapopoé misalna di sakola.

Asupna jalma-jalma nu asalna ti saluareun Jawa Barat bisa mangaruhan kabudayaan kayaning segi basa. Jalma-jalma nu asalna ti saluareun Jawa Barat loba kapangaruhan budaya daérah utamana basana. Sacara sadar atawa henteu sadar maranéhna ngadarangu jeung boga kahayang bisa nyarita basa nu aya di

sabudeureunana. Nepi ka basa nu dimeunangkeun ku jalma-jalma nu asalna ti saluareun Jawa Barat mangrupa hasil budaya. Saperti nu ditétélakeun ku Pride & Holmes (1972), sosiolinguistik sacara basajan ditétélakeun “...*the study of language as part of culture and society*”. Kajian basa salaku bagian tina kabudayaan jeung masarakat. Aya kacindekan basa mangrupa bagian tina kabudayaan. Kedalna omongan atawa basa Sunda téh kapangaruhan ku tempat, waktu, jeung suasana makéna. Dimana dipakéna, iraha makéna, jeung kumaha waktu makéna.

Hal sarupa dialaman ogé ku guru jeung murid nu hususna aya di Bandung, lantaran maranéhna aya sabudeureun nu maké basa Sunda antukna dina kagitan diajar ngajarna ogé ngagunakeun panganteur basa Sunda.

Sakola Dasar Negeri Padasuka II nu pernahna di Desa Sukamulya Kacamatan (Kac.) Kutawaringin Kabupatén (Kab.) Soréang Bandung dina kagiatan diajar ngajarna ngagunakeun panganteur basa Sunda.

Hal éta saluyu jeung kalungguhanana jadi basa daérah, saperti nu dicindekkeun ku Seminar Politik Bahasa Nasional 1975 di Jakarta, basa Sunda miboga pancén atawa fungsi jadi (1) lambang kareueus masarakat Sunda, (2) lambang jatidiri (idéntitas) masarakat Sunda, (3) alat paguneman di lingkungan kulawarga jeung masarakat urang Sunda, (4) pangdeudeul basa nasional, (5) basa panganteur di sakola dasar (SD) di kelas-kelas munggaran pikeun ngalancarkeun pangajaran basa Indonésia jeung pangajaran lianna, sarta (6) alat pamekar jeung pangdeudeul budaya Sunda (Halim Éd., 1980: 151).

Sakumaha anu disebutkeun dina bagian ka-5 yén basa Sunda miboga pancén atawa fungsi jadi basa panganteur di sakola dasar (SD) di kelas-kelas munggaran pikeun ngalancarkeun pangajaran basa Indonésia jeung pangajaran liana, ku kituna kamampuan makéna basa indung boh ku guru boh ku murid SD dina widang atikan jeung widang pangajaran basa Sunda mangrupa pangajaran muatan lokal anu perlu dikembangkeun di sakola. Salah sahiji tujuan poko nya éta murid mampu jeung parigel dina ngagunakeun basa Sunda anu hadé tur bener saenggeus ngalaman prosés diajar ngajar di sakola. Pangajaran basa Sunda diajarkeun ka murid dumasar kurikulum SD anu dipakéna.

Panalungtikan ngeunaan ragam basa Sunda kungsi dilaksanakeun, diantarana waé “Ragam Basa Anu Digunakeun Dina Prosés Diajar Ngajar Basa Sunda Di SMP Negeri 52 Bandung Taun Pelajaran 2006-2007” (Eulis Nengsih, 2007). Éta panalungtikan medar ragam basa di lingkungan SMP. Ragam basa Sunda di SD can aya nu nalungtik. Ku kituna, panalungtikan nu judulna “Ragam Basa Sunda Panganteur Pangajaran di SD Negeri Padasuka II Désa Sukamulya Kac. Kutawaringin Kab. Bandung” dilaksanakeun. Ieu panalungtikan dipiharep bisa ngeuyeuban hasil panalungtikan saméméhna.

## **1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah**

### **1.2.1 Watesan Masalah**

Sangkan museur kana masalah nu ditalungtik, puguh galurna jeung babari nganalisisna, ieu naskah téh diwatesanan kana ragam basa Sunda panganteur pangajaran di kelas I, II, III SD Negeri Padasuka II Désa Sukamulya Kac. Kutawaringin Kab. Bandung. Hal ieu patali jeung samporétna waktu, biaya, katut tanaga nu nalungtik.

### 1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah di luhur, masalah-masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah tanya. Sangkan leuwih operasional, ieu naskah téh dirumuskeun dina kalimah pertanyaan ieu di handap.

- 1) Naha basa Sunda téh geus dipaké pikeun panganteur pangajaran di kelas handap (I, II, III) SD Negeri Padasuka II Désa Sukamulya Kac. Kutawaringin Kab. Bandung?
- 2) Ragam Basa Sunda naon nu dipaké pikeun panganteur pangajaran di kelas handap (I, II, III) SD Negeri Padasuka II Désa Sukamulya Kac. Kutawaringin Kab. Bandung?
- 3) Kumaha aspék sosial maké basa Sunda di SD Negeri Padasuka II Désa Sukamulya Kac. Kutawaringin Kab. Bandung disawang tina jihat interférénsi, alih kode, jeung campur kode.

## 1.3 Tujuan jeung Mangpaat Panalungtikan

### 1.3.1 Tujuan Panalungtikan

Tujuan nu hayang dihontal dina ieu panalungtikan téh nya éta ngadéskripsikeun:

- 1) basa Sunda nu dipaké pikeun panganteur pangajaran di kelas handap (I, II, III) SDN Padasuka II Désa Sukamulya Kac. Kutawaringin Kab. Bandung;
- 2) ragam basa nu digunakeun pikeun panganteur pangajaran di kelas handap (I, II, III) SDN Padasuka II Désa Sukamulya Kac. Kutawaringin Kab. Bandung;

- 3) aspék sosial maké basa Sunda disawang tina jihat interférénsi, campur kode, jeung alih kode anu muncul dina waktu guru jeung murid ngalaksanakeun prosés diajar ngajar di kelas handap (I, II, III) SD Negeri Padasuka II Désa Sukamulya Kac. Kutawaringin Kab. Bandung.

### **1.3.2 Mangpaat Panalungtikan**

Ieu panalungtikan téh dipiharep aya mangpaatna, di antarana pikeun panalungtik, guru, siswa, masarakat, jeung paélmuan.

#### **a. Pikeun Panalungtik**

Pikeun panalungtik, hasil panalungtikan bisa nambahan (1) kajembaran ngeunaan ragam basa, (2) bisa nambahan kareueus jeung ngamumulé kana basa Indung urang Sunda.

#### **b. Pikeun Guru**

Pikeun guru, hasil panalungtikan bisa (1) ngaévaluasi pamakéan basa dina prosés komunikasi basa Sunda, (2) nambahan kareueus jeung ngamumulé kana basa Indung urang Sunda, (3) ngabeungharan pangaweruh ngeunaan ragam basa, (4) méré informasi ngeunaan ragam basa Sunda nu digunakeun pikeun panganteur pangajaran di sakola dasar, (5) nambahan pangaweruh dina hal kabasaan.

#### **c. Pikeun Siswa**

Pikeun siswa, hasil panalungtikan bisa (1) nambahan kareueus jeung ngamumulé kana basa Indung urang Sunda, (2) ngabeungharan

pangaweruh ngeunaan ragam basa, (3) nambahan pangaweruh dina hal kabasaan.

d. Pikeun Masarakat

Pikeun masarakat, hasil panalungtikan bisa (1) nambahan kareueus jeung ngamumulé kana basa Indung urang Sunda, (2) ngabeungharan pangaweruh ngeunaan ragam basa, (3) méré informasi ngeunaan ragam basa Sunda nu digunakeun pikeun panganteur pangajaran di sakola dasar, (4) nambahan pangaweruh dina hal kabasaan.

e. Pikeun Paélmuan

Pikeun paélmuan, hasil panalungtikan bisa (1) ngarojong pikeun kapentingan akademis nya éta dunya atikan (sakola) atawa perkuliahan dina widang mata kuliah Apresiasi Sastra, Sejarah Sastra, Linguistik, Tradisi, Filologi jeung Kajian Budaya Sunda di Jurusan Pendidikan Bahasa Daérah boh di UPI boh di UNPAD.

#### 1.4 Anggapan Dasar

Anggapan dasar (asumsi) mangrupa dasar panalungtikan anu gunana pikeun dadasar panalungtikan anu bebeneranana bisa ditarima ku balaréa. Éta hal luyu jeung pamadegan Surakhmad (1998: 60), yén anu dimaksud anggapan dasar téh nya éta: *“sebuah titik tolak kebenaran yang kebenarannya diterima oleh penyidik”*.

Anggapan dasar dina ieu panalungtikan nya éta anu sakumaha ditulis ieu di handap.

- 1) Basa Sunda mibanda rupaning wujud makéna basa dina kahirupan panyaturna anu disebut ragam basa.
- 2) Basa mangrupa hasil tina kabudayaan.
- 3) Basa Sunda mangrupa basa panganteur dina nepikeun pangajaran di kelas handap (I, II, III) SD Negeri Padasuka II Désa Sukamulya Kac. Kutawaringin Kab. Bandung.
- 4) Basa téh mibanda variasi sabab anggota masarakat panyatur basa euyeub, béda, sarta dipaké dina kaperluan nu beda-beda.

### **1.5 Méthode jeung Téhnik Panalungtikan**

Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta méthode déskriptif analisis, sedengkeun téhnik anu digunakeun nya éta téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik analisis data. Téhnik ngumpulkeun data ku cara observasi ka sakola nya éta ngabagikeun angkét, studi dokuméntasi jeung téhnik sadap rékam. Sedengkeun tehnik ngolah data ku cara nalungtik basa panganteur pangajaran di SD Negeri Padasuka II Désa Sukamulya Kac. Kutawaringin Kab. Bandung luyu jeung tujuan panalungtik nya éta perkara ragam basa, campur kode, alih kode, jeung interférensé.

### **1.6 Lokasi, Populasi, jeung Sampel**

#### **1.6.1 Lokasi**

Lokasi dina ieu panalungtikan nya éta di SD Negeri Padasuka II di Désa Sukamulya Kac. Kutawaringin Kab. Bandung.



### 1.6.2 Populasi

Anu jadi populasi dina ieu panalungtikan nya éta sakabéh guru jeung siswa SD Negeri Padasuka II di Désa Sukamulya Kac. Kutawaringin Kab. Bandung.

### 1.6.3 Sampel

Tina populasi di luhur, dicokot sampel ku cara random, nya éta ditangtukeun ngan ukur kelas handap (I, II, III) SD Negeri Padasuka II nu aya di Désa Sukamulya Kac. Kutawaringin Kab. Bandung, dicokot 3 kelas pikeun panalungtikan.

